**COMMONWEALTH MASSACHUSETTS**
**DEPATMAN SANTE MANTAL**

Aplikasyon pou Swen Ak Tretman sou yon Baz Kondisyonèl Volontè (Yo Pa Fòse Pasyan an Sejoune Lopital la Epi Pasyan an Dakò Pou L Dòmi Lopital)

**M.G.L. Chapit 123, Seksyon 10 ak 11**

(*Paran oswa Gadyen yon Timoun ki minè fè aplikasyon an)*

Non Pasyan an (Timoun/Pipil) ____________________________________________
make an lèt majiskil

Adrès:______________________________ Vil/Minisipalite__________________ Eta__________

Dat nesans: ______________________________________ Sèks ☐G ☐F

Non Gadyen an________________________________________ Nimewo telefòn:____________

Adrès:______________________________ Vil/Minisipalite__________________ Eta__________

Pou Direktè Etablisman* sa a ______________________________________________
Non Etablisman an

1. Mwen se paran/gadyen legal pasyan non li make anlè a (timoun/pipil) ki gen otorite pou bay konsamtman pou yo admèt li nan etablisman sa a. (Si aplikan an pa papa oswa manman timoun ki poko gen 18tan an, se pou yo bay yon kopi òdonans titèl gadyen an.)

2. Mwen vle yo admèt pitit/pipil mwen an kòm pasyan volontè kondisyonèl nan etablisman ki endike anlè a.

3. Mwen konprann ke lè mwen vle pou pitit/pipil mwen kite etablisman an, mwen dwe bay Direktè Etablisman an yon preyavi alekri, epi Direktè a gendwa retade egzeyat pitit/pipil mwen an pandan 3 jou (eksepte samdi, dimanch ak jou ferye yo).

4. Kou men notifye ke mwen vole pou pitit/pipil mwen egzeyate nan etablisman an, mwen konprann ke si Direktè Etblisman an panse ke pitit/pipil mwen ta ka yon danje pou tèt li oswa pou lòt moun poutèt maladi mantal li, li kapab prezante yon petitsyon opre Tribinal Distri a pandan peryòd 3 jou pou mande ke yo fèmen pitit/pipil mwen (ba li lòd pou li rete nan) etablisman an pandan 6 mwa maksimòm. Tribinal la pral pwograme yon odyans. Mwen konprann ke pitit/pipil mwen gen dwa pou yon avoka reprezante li pandan odyans la. Si li pa kapab peye pou yon avoka, Tribinal la pral nonmen youn. Aprè li fin prezante petisyon an, Tribinal la gen senk (5) jou ouvrab pou kòmanse yon odyans sou petisyon pou admisyon fòse a. Pandan lè sa a, pitit/pipil mwen an dwe rete nan etablisman an. Pandan odyans la, jij la pral deside si wi ou non pitit/pipil mwen gendwa egzeyate etablisman an.

5. Mwen dakò pou pitit/pipil mwen resevwa tretman nan etablisman sa a pou swen maladi mantal li. Mwen konprann akò sa a pa limite dwa pou pitit/pipil mwen refize nenpòt kilè entèvansyon tretman espesifik tankou medikaman antisikotik, terapi elektwo-chòk oswa sikochiriji.

6. Yo te banmwen yon kopi Avi sou Dwa yo (Notice of Rights) Fòm CV-301P/G).

7. Yo te ofri mwen posibilite pou pale ak yon avoka oswa yon moun anba sipèvizyon yon avoka konsènan efè yon admisyon kondisyonèl volontè.

8. Mwen konprann etablisman an pral aksepte oswa bay aplikasyon sa a refi konfòmeman ak estanda klinik ak legal ki aplikab yo.

______________________________________ ____________________
Siyati Paran oswa Gadyen an Dat

______________________________________ ____________________
Temwen Dat

*Direktè Etablisman an siyifi sipèrentandan, ofisye egzekitif anchèf, direektè pwogram la oswa lòt administratè etablisman an deziyen pou li gen responsabilite administativ sou yon etablisman, oubyen moun li deziyen an.

## TACHE KOPI ÒDONANS KI BAY GADYEN AN RESPONSABILITE POU TIMOUN LA

## DESIZYON ETABLISMAN AN POU AKSEPTE OSWA BAY REFI

Ann amoni ak kritè yo ki endike anba la a, yon klinisyen* ki deziyen nan etablisman an pral aksepte oswa bay yon desizyon refi.

1. Pasyan sa a

| | Wi | Non |
|---|---|---|
| A. te resevwa yon dyagnostik maladi mantal, jan sa defini nan 104 CMR 27.05 (2). | ☐ | ☐ |
| B. bezwen swen ak tretman pou maladi mantal li. | ☐ | ☐ |
| C. bezwen dòmi lopital (i) pou swen ak tretman sa a oswa (ii) pou anpeche li pran chòk poutèt pa gen yon lòt chwa plasman ki pi konvnab. | ☐ | ☐ |
| 2. Etablisman sa a apwopriye pou swen ak tretman sa a. | ☐ | ☐ |
| 3. Yo gen tan konfime sitiyasyon aplikan an antanke paran oswa gadyen. | ☐ | ☐ |

*****************************************************************************************************************

Si tout kaz yo tcheke “Wi”, alòs yo pral aksepte aplikasyon an, sof si yo poko admèt pasyan an; nan ka sa a, yo ka aksepte aplikasyon an sèlman si kondisyon etablisman an mete pou admèt pasyan an, ranpli. Si gen kaz ki tcheke “Non”, yo dwe bay aplikasyon an refi, sof si kaz “1.A”, “1.B” oswa “2” tcheke “Non”; nan ka sa a, etablisman an gendwa pa aksepte, si ospitallizasyon kondisyonèl volontè pasyan an nesesè pou anpeche gwo domaj oswa chòk grav akòz pa gen yon lòt chwa plasman ki plis konvnab.

*****************************************************************************************************************

**Paran/Gadyen an pa gendwa siyen yon preyavi 3 jou eksepte si yo gen tan aksepte fòm sa a.**

*****************************************************************************************************************

Mwenmen, yon klinisye* ki deziyen nan etablisman sa a, palaprezant (tcheke tout kaz ki yon bon repons):

4. ☐ **mwen aksepte** aplikasyon sa a pou sejou polital kondisyonèl volontè yon timoun ki poko gen 18tan:

☐ A. Paran/Gadyen an ap aplike pou swen ak tretman pitit/pipil yo sou yon baz kondisyonèl volontè.

☐ B. Mwen deside ke tout kondisyon yo pou admisyon kondisyonèl volontè a, ranpli.

☐ C. Sèlman kaz “1.A”, “1.B” oswa “2” tcheke “Non” epi ospitalizasyon ki kontinye

nesesè pou anpeche gen gwo domaj oswa chòk grav ki rive paske pa gen lòt chwa kote pou plase pasyan an ki ta plis konvnab.

5. ☐ **Bay aplikasyon sa a refi** pou ospitalizasyon kondisyonèl volontè. Rezon yo:

______________________________ ____________

Siyati Klinisyen ki Deziyen an — Dat

______________________________

Non ki ekri an lèt majiskil

______________________________

Tit

Yo dwe re-evalye estati Kondisyonèl Volontè pasyan sa a nan moman chak egzamen ki fèt detanzantan.

FICHYE NAN DOSYE PASYAN AN TOUSWIT

* Yon doktè oswa yon enfimyè akredite espesyalize Depatman an otorize, jan sa aplikab, ann amoni ak 104 CMR 33.00